

Kòm se yon viris ki bay grip la, antibyotik pa kapab trete l. Si w pran vaksen chak ane kont grip (anjeneral, ou ka jwenn li nan koumansman mwa oktòb), sa pral ede w pwoteje tèt ou kont grip. Yo rekòmande vaksen kont grip la anpil pou:

- moun ki gen 65 an oubyen plis,
- pasyan ki nan loispis,
- moun ki gen plis pase 6 mwa epi ki gen pwoblèm sante, tankou maladi opresyon, oswa lòt maladi ki dire tankou VIH oubyen maladi kè, epi
- moun ki rete souvan kote moun malad oswa kote moun ki gen anpil laj.

Si w jwenn klinik pou pran vaksen kont grip nan kote ou rete a, ou mèt gade nan:

www.flucliniclocator.org

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou rim sèvo ak sou grip nan entènèt, nan adrès:

The U.S. Food and Drug Administration
www.fda.gov

American Lung Association
www.lungusa.org

The Nemours Foundation's Center for
Children's Health Media
www.kidshealth.org

• • •

*Men non kote ki devlope enfòmasyon
ki adapte pou fè dokiman sa a:*

The U.S. Food and Drug Administration

The American Lung Association

*The Nemours Foundation's Center for
Children's Health Media
www.kidshealth.org*

*Men non kote ki finanse publikasyon dokiman
sa a: Department of Health and Human
Services Office of Refugee Resettlement.*

ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK:

riht@uscridc.org

**U.S. Committee for Refugees and
Immigrants**


**1717 Massachusetts Ave., NW
Suite 200**

Washington, DC 20036

Telefòn: 202 • 347 • 3507

Faks: 202 • 347 • 7177

www.refugees.org



**Rim sèvo ak Grip
(Cold and Flu)
(Haitian Creole)**



www.refugees.org

*Protecting Refugees, Serving Immigrants,
Upholding Freedom since 1911*

RIM SÈVO ÒDINÈ

KISA RIM SÈVO YE?

Rim sèvo se yon maladi ki atrapan anpil; sa ki bay li, se yon viris ki soti nan moun ki gen maladi a, epi ki plannen nan lè a. Anjeneral, moun pi fasil pou pran rim sèvo lè fè frèt.

KI SENTONM YON RIM SÈVO KONN MONTRE?

Premye siyal yon rim sèvo ba ou nòmalmman, se yon ti grate nan fon gòj ou. Moun ki gen rim sèvo ka santi li difisil pou yo respire, oubyen yo ka santi yo konjesyonnen, oubyen yo ka touse ak etènne, epi nen yo ka koule.

KI MOUN KI KONN PRAN RIM SÈVO, EPI KONBYEN TAN LI DIRE?

Anjeneral, yon rim sèvo dire mwens pase 2 semenn, epi li pa grav. Pifò moun ki fin grandi pran rim sèvo 2 fwa chak ane. Timoun ka pran rim sèvo jiska 8 fwa nan yon ane.

KISA MWEN KA FÈ POU FÈ YON RIM SÈVO PASE?

Pi bon remèd ou ka fè pou yon rim sèvo, se bwè anpil likid epi pran anpil repo. Ou ka achte yon medikaman san preskripsyon doktè pou soulaje sentonm yo, men nòmalmman yon rim sèvo pase poukont li, menm si ou pa pran medikaman. Pa pran antibyotik pou rim sèvo. Antibyotik pa ka trete ni geri rim sèvo. Nòmalmman se viris ki bay rim sèvo, men antibyotik se kont bakteri yo aji; yo pa aji kont viris.

KISA MWEN DWE FÈ SI PITIT MWEN MALAD?

Lè yon timoun gen rim sèvo, li bezwen pran anpil repo ak bwè anpil likid. Si w ap bay yon timoun medikaman ou achte san preskripsyon doktè, ou dwe li direktiv yo byen, epi bay medikaman yo sèlman dapre sa ki ekri nan direktiv yo.

KI PREKOSYON MWEN KA PRAN KONT RIM SÈVO?

Pi bon prekosyon ou ka pran kont rim sèvo, se lave men w souvan, epi eseye pa manyen je w, nen w, ak bouch ou. Rete lwen moun ki gen rim sèvo, paske yo ka ba w rim lan lè yo etènne oswa touse. Lè w bezwen touse oswa etènne, sèvi avèk yon mouchwa oubyen yon sèvyèt papye, pou w pa bay lòt moun rim sèvo a. Pa sèvi avèk menm gode, kouto, oswa fouchèt avèk moun ki gen rim sèvo. Sèvi avèk yon dezenfektan pou netwaye anlè tab, manch pòt, ak telefòn.

GRIP (ENFLIYANZA)

KISA GRIP YE?

Grip, oubyen enfliyanza, se yon maladi ki atrapan anpil, viris yon moun kapab bay lòt moun.

Sentonm grip yo menm ak sentonm rim sèvo yo, men yo pi grav, epi moun lan kapab santi tou li gen lafyèv, doulè, ak fatig. Nòmalmman, yon grip pa dire plis pase 2 semenn.

KISA MWEN KA FÈ POU FÈ YON RIM SÈVO PASE?

Pi bon remèd ou ka fè kont yon grip, se pran anpil repo epi bwè anpil likid. Gen medikaman ou ka achte san preskripsyon doktè pou soulaje sentonm grip yo.

KISA MWEN DWE FÈ SI PITIT MWEN MALAD?

Lè yon timoun gen yon grip, li bezwen pran anpil repo ak bwè anpil likid. Si pitit ou gen sentonm grip, epi yo rapòte lòt ka moun ki pran grip nan kote ou rete a, ou dwe fè yon doktè wè timoun lan.

KI PREKOSYON MWEN KA PRAN KONT RIM SÈVO?

Lave men w souvan, epi chèche pa rete kote moun ki gen grip. Lè w bezwen touse oswa etènne, sèvi avèk yon mouchwa oubyen yon sèvyèt papye, pou w pa bay lòt moun grip la.

